Ассаламу гIалайкум

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2020 соналъул 31 июль Рузман №34 (7631) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъуруш 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## ХIалтIи унеб буго, амма хIинцго

**Араб итни къоялъ хIалтIулаб сапаралъ районалде щвана Дагъистаналъул ХIукуматалъул нухмалъулесул заместитель Инсаф Хайруллин. Гьев щвана Силди, ТIинди, КIванада ва Гьигьалъ росабалъ ралел социалиял объектазде.**



Араб анкьалъ хъулухъалъулаб сапаргун районалде вачIун вукIана Дагъистан Республикаялъул ХIукуматалъул Председателасул заместитель Инсаф Хайруллин.

Гьесда цадахъ районалде щвана пачалихъияб ДРялъул «Цогояб ралел бакIазулгун застройщиказул дирекция» ГКУялъул директор Багьавдин ГIалиев, Дагъистан Республикаялъул ХIукуматалъул Председателасул гIакълучи Муса Мазанов, Дагъистаналъул физическияб культураялъулгун спорталъул министрасул тIоцевесев заместитель Зайнал Салаутдинов, Россиялъул оборонаялъул министерствоялъул «Рагъулабгун ралел бакIазул №4 бетIераб управление» ФГУПалъул нухмалъулесул тIоцевесев заместитель Ислам Тарамов, ДРялъул архитектураялъулгун шагьарал разузул Комитеталъул председателасул ишал заманаялъ тIуралев Мурат Шираев, росдал магIишаталъулгун кванил нигIматазул министрасул заместитель МухIамад Юсупов ва ралел бакIазул цо-цо специалистал.

ХIакимзабазул сапаралъул мурад букIана районалда федералияб программабазда рекъон ралел ругел объектазде щун, гьенир унел хIалтIабазул халгьаби.

Районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовгун цадахъ Инсаф Хайруллиница тIоцебе сапар бухьана Силди рохьоб балеб спортивияб комплексалде, хал гьабуна гьенир гьабураб хIалтIул ва бихьизабуна жеги гьеніб тIадеги гьабизе кколеб хIалтIул. Гьединго вице-премьер ва гьесда цадахъ



рачIарал хIакимзаби щвана ТIинди лъабкъого лъимералъе балеб лъималазул ахалде ва КIванадагун Гьигьалъ ралел нусиялда кього цIалдохъанасе хIисаб гьабурал школазде.

Исана лъагIалил ахиралда гьел ран рагIалде рахъине кколаан, амма гьезул хIалтIул темпазухъ балагьун, исана гьел ран рагIалде рахьилин божи гьечIо.

ХIалтIи цIакъ хIинцго унеб букIин бихьизабуна Хайруллиница хIалтIухъабигун ва подрядчикалгун рукIарал гара-чIвариязда. ГьечIо гьениб букIине кколеб гIадлу хIалтIи гьабулел идарабазул. Гьединго вице-премьерас рихьизаруна проекталъулалгун сметаялъулал документазулъ ругел гIунгутIаби, тIадкъана, данде кколедухъ хиса-басиял гьарун, гьел ритIизаризе. Гьединго лъикIаблъун бихьизабуна хIалтIул гуч цIикIкIине бакIалъулал гIолохъабазул бригада гIуцIизе.

## Ракьцоясе - тIадегIанаб шапакъат



Россиялъул президент Владимир Путинил указалдалъун, СагIудиязул ГIарабиялъул Жидда шагьаралда вугев РФялъул Генералияв консул, нилъер ракьцояв, Акнада росулъа Багьавудин ГIалиевасе кьун буго кIиабилеб даражаялъул «За заслуги перед Отечеством» абураб орденалъул медаль.

Багьавудин ГIалиев гьелъие мустахIикълъана РФялъул къватIисеб политикаялъул курс гIумруялде бахъинабиялъулъ лъураб бутIаялъухъ ва гIемерсоназулаб дипломатияб хъулухъалъухъ.

Баркула Багьавудинида тIадегIанаб шапакъат.

Гьарула щулияб сахлъи, халатаб, рохел гьарзаяб ва талихIаб гIумру, гьабулеб ишалъулъ икъбалгун битIккей, жеги чIахIиял шапакъатазе мустахIикълъи.

## ХIурматиял цIаразе мустахIикълъана



Коронавирусалъул (COVID-19) инфекциялде данде къеркьолаго бихьизабураб тIадегIанаб махщелчилъиялъухъ ва рухIалда барахщичIого гьабураб захIматалъухъ 25 июлалда Дагъистан Республикаялъул БетIер Владимир Васильевас хIурматиял цIараздалъун кIодо гьаруна нилъер райо-



налъул централияб больницаялъул хIалтIухъаби.

«Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав тохтур» абураб хIурматияб цIаралъе мустахIикълъана районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтур Хейрул-Анам Дибирасулаев ва тохтур-анестезиолог-реаниматолог Ильяс Якъупов.

«Дагъистан Республикаялъул сахлъицIуниялъул мустахIикъай хIалтIухъан» абураб цIаралъе мустахIикълъана райбольницаялъул



инфекционнияб отделениялъул медсестра Сойбат ЖабрагIилова.

Баркула гьезда хIурматиял цIарал, гьарула щулияб сахлъи, талихIаб халатаб гIумру, хIалтIулъ жеги чIахIиял бергьенлъаби.

# ХIалтIи унеб буго, амма хIинцго

**Араб итни къоялъ хIалтIулаб сапаралъ районалде щвана Дагъистаналъул ХIукуматалъул нухмалъулесул заместитель Инсаф Хайруллин. Гьев щвана Силди, ТIинди, КIванада ва Гьигьалъ росабалъ ралел социалиял объектазде**

1





Ралел бакIазде щун хадуб, райадминистрациялда тIобитIана сапаралъул хIасилал рачараб данделъи, гьениб кIвар буссинабуна федералиял программабазда рекъон районалда социалиял объектал раялъуль ругел гIунгутIабазде, гьединго рорхана цогидалги суалал, тIадчIей гьабуна хIалтIул темпал хехлъизаризе ва гуч цIикIкIинабизе кколелде.

Социалияб рахъалъ район цебетIеялъе гьаризе кколел тадбиралги рихьизарун, данделъиялда гьабуна протоколги.



# ПРОТОКОЛ

**выездного совещания под руководством заместителя Председателя Правительства Республики Дагестан Хайруллина И.Р. в Цумадинском районе Республики Дагестан**

27 июля 2020 года
№ 11/7-77

Присутствовали:Алиев Б.С., Абдулаев Г.Т., Абдулмуталимов А.Н., Алигаджиев И.Х., Балабеков В.К., Вечедов А.М., Дадаев У.М., Джабраилов С.Н., Мазанов М.М., Салаутдинов З.М., Тарамов И.У.,Магомедов П.Ш., Шираев М.Н., Шихкеримов К.М., Юсупов М.М. и другие.

**Повестка дня:**

О ходе строительства социальных объектов на территории Цумадинского района Республики Дагестан.

Итоги обсуждения подвел заместитель Председателя Правительства Республики Дагестан Хайруллин И.Р. и

поручил:

Принять к сведению информацию главы муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан Вечедова Анваргаджи Магомедовича.

Отметить неудовлетворительную работу Министерства строительства и жилищно-коммунального хозяйства Республики Дагестан, ФГУП «ГВСУ-4» и ФКП «УЗКС» Минобороны России в части надлежащего контроля по строительно-монтажным работам на строящихся социальных объектах, расположенных на территории Цумадинского района Республики Дагестан.

Министерству строительства и жилищно-коммунального хозяйства Республики Дагестан (Баглиев М.Д.):

обеспечить проектное сопровождение и авторский надзор, оперативно принимать меры по согласованию изменений в проектные решения;

совместно с ФГУП«ГВСУ-4» и ФКП «УЗКС» Минобороны России усилить контроль за ходом и качеством строительства объектов на территории муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан, предусмотреть увеличение численности сотрудников-контролеров на каждом из объектов. Информировать.

срок -7 августа 2020 года; далее - еженедельно;

совместно с Министерством экономики и территориального развития Республики Дагестан (Султанов Г.Р.) рассмотреть возможность включения строительства (реконструкции) административного здания № 2 Цумадинсткого района Республики Дагестан, пострадавшего в результате возникшего пожара, в программу РИП на 2020 год. Информировать.

срок - до 7 августа 2020 года.

Министерству финансов Республики Дагестан (Саадуев Ю.М.) совместно с Министерством экономики и территориального развития Республики Дагестан (Султанов Г.Р.) отработать вопрос выделения средств из республиканского бюджета Республики Дагестан бюджету администрации муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан средств в размере 18 млн рублей для завершения и сдачи в эксплуатацию к 1 сентября 2020 года общеобразовательной школы в с. Гако на 40 ученических мест, строительство которого осуществляется в рамках поручения Президента Российской Федерации В.В. Путина. Информировать.

срок - 5 августа 2020 года.

Министерству здравоохранения Республики Дагестан (Гаджиибрагимов Д.А.) разобраться с вопросом сдачи фельдшерского пункта в с. Цедатли Цумадинского района Республики Дагестан.

Информировать.

срок - 5 августа 2020 года.

Министерству транспорта и дорожного хозяйства Республики Дагестан (Гаджимурадов Ш.У.):

обеспечить прохождение государственной экспертизы проектно-сметной документации на строительство автомобильной дороги Агвали-Шаури-Кидеро, протяженностью 0-6 км.до с. Гако.После получения положительного заключения начать строительные работы. Информировать.

срок -10 августа 2020 года;

в случае получения положительного заключения государственной экспертизы проектно-сметной документации на строительство спортивного сооружения в с. Сильди, разработать проектно-сметную документацию на строительство автомобильной дороги протяженностью 2,5 км до площадки, предусмотренной для строительства спортивного сооружения в с Сильди и далее до с. Метрада через пограничную заставу, в целях обеспечения строительной площадки подъездной дорогой, осуществления бесперебойного подвоза материалов, изделий, конструкций, машин и оборудования;

принять меры по приведению в соответствие автомобильных дорог республиканского значения располагаемых к социальным объектам на территории Цумадинского района Республики Дагестан. Информировать.

срок - до 15 декабря 2020 года.

Администрации муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан (Вечедов А.М.):

в случае получения отрицательного заключения государственной экспертизы проектно-сметной документации, рекомендовать предусмотреть совместно с проектировщиками иные варианты по определению территории для строительства «Центра спортивной подготовки по единоборствам им. ХабибаНурмагомедова» на территории данного муниципального района. Информировать;

рекомендовать проведение процедуры изменения схемы территориального планирования муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан;

рекомендовать разработку правил землепользования и застройки с. Сильди (ПЗЗ);

направить в Правительство Республики Дагестан проект обращения

3

2

Главы Республики Дагестан В.А. Васильева в федеральный орган государственной власти, в целях рассмотрения возможности переноса КПП, располагаемых на территории данного муниципального района.

срок -7 августа 2020 года.

Министерству сельского хозяйства и продовольствия Республики Дагестан (Гусейнов А.А.) рассмотреть вопрос будущего обеспечения спортсменов качественным экологическим продовольствием питания, в том числе: мяса, молочных продукций через СПОК. Информировать

срок - 15 августа 2020 года.

Министерству по физической культуре и спорту Республики Дагестан (Магомедов М.Ю.) совместно с заинтересованными сторонами провести дополнительные геофизические изыскания на площадке, предусмотренного для строительства «Центра спортивной подготовки по единоборствам им. ХабибаНурмагомедова» в с. Сильди Цумадинскогорайона Республики Дагестан (через каждые 5 метров). О результатах информировать.

срок -15 августа 2020 года;

Министерству энергетики Республики Дагестан (Лемешко В.В.):

совместно с администрацией муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан (Вечедов А.М.) усилить работу по газификации в рамках поручения Президента Российской Федерации, а также проведению ремонтных работ в участках обвалов скальных пород, расположенных на территории муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан. Информировать;

совместно с АО «Дагэнерго» обеспечить качественной электроэнергией Центра спортивной подготовки по единоборствам, а также все населенные пункты,расположенные рядом с объектом.Информировать;

совместно с Министерством информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан (Снегирев С.В.) и операторами сотовой связи, осуществляющую свою деятельность на территории Республики Дагестан рассмотреть возможность установки новой станции в  с. Метрада для обеспечения устойчивой связи Центра спортивной подготовки по единоборствам и ближайших населенных пунктов Цумадинского и Цунтинского районов Республики Дагестан. Информировать.

срок -15 августа 2020 года;

совместно с Министерством информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан (Снегирев С.В.) и АО «Электросвязь» провести выделенную линию интернет-связи до Центра спортивной подготовки по единоборствам. Информировать.

срок - 15 августа 2020 года.

Министерству информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан (Снегирев С.В.) совместно с администрацией муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан (Вечедов А.М.) в кротчайшие сроки с выездом на место определить участки для обеспечения протягивания линий связи и телекоммуникаций, в целях налаживания связи в верхних участках во всех административных сельских поселениях Цумадинского района Республики Дагестан.

Информировать.

срок- 10 августа 2020 года.

Комитету по архитектуре и градостроительству Республики Дагестан (Гусенов Н.И.) ускорить вопрос создании института генерального планирования в Республике Дагестан. Информировать.

срок - до 10 августа 2020 года.

Комитету по лесному хозяйству Республики Дагестан (Абдулхамидов В.М.) ускорить подачу соответствующей документации в Минприроды России для изменения статуса земельного участка, предусмотренный для строительства Центра спортивной подготовки по единоборствамв с. Сильди  Цумадинскогорайона Республики Дагестан.

Информировать.

срок -8 августа 2020 года.

## ГIумрудул нух

# ЦохIо халкъалъул кумек гIоларо

"Дир Дагъистан-дир нухал" абураб федералияб программаялда рекъон республикаялда тIадбан унеб буго росабалъ ва шагьаразда нухал цIигьаригун къачIаялъул хIалтIи. Гьеб ккола Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевас гьабулеб Аллагьасул кириги, халкъалъул баркалаги цIикIкIараб хIалтIи.

ГIемер заман буго халкъалъул кумекалдалъун Бузнаса "гIумрудул нух" бахъулелдаса. ГIадамаз киридахъ кьолеб гIарцудалъун балеб гьеб нух гIемералъ бехъерхъулеб буго. Халкъиябин абуниги щиб, халкъалъухъан бажарулеб гьечIелъул гьелъул хIалтIи рагIалде бахъинабизе. ЛъикI букIинаан хIукуматалъги гьеб нухалде кIвар кьунани.

Гьаб заман буго цо къадар магIарулазул гIатIиракьалда, цогидал магIарухъ яшав гьабун ругел. Нухлулазе хъулухъалъ рачIине-ине эхедерайгун тоннель гьечIеб, бакIаб техника хьвадизе санагIатаб нух буго. ЛъарагIлъиялде гочарал магIарулал магIарухъе тIад руссине ва минаби разе, ругел къачIазе лъугьун руго. Цебе бакIалдасанго тIалаб гьабулеб букIараб мина базе хIажатаб тIагIел-алат гьанже бехесан баччулеб буго.

Нухазе ва цогидалги хIажалъабазе риччарал гIарцул миллиардал харж гьаризе бакI гьечIин, Москваялде тIадруссинарун рагIула. Кирехаарал дол нилъеца цоцазул ракIалги хвезарун рищарал депутатал?! Бихьулеб гьечIодай гьезда жидерго избирателазулгун участкабазул цо-цогIаги гIузру-гъая?! Кирдай ругел нухазегун кьоязе биччараб гIарцул бит1ун харж гьабич1ел дол хъулухъчагIи?! Гьез хвезабураб гIарцул къадаралъул бащалъи рехсараб нухалъе биччан букIарабани, кIиго гIор жубалеб бакIалда, хъилги тIураб къокъаб нух букIинаан магIарухъе унеб. Щуго-анлъго магIарул районалъул гIадамазе чара гьечIеб нух буго гьеб. Гьелъие квер бакъулел, жидеда Аллагь разилъаял МухIамадкамилилги Набигулалги хIаракаталъ бахъулеб нух цебехун унеб гьечIо ахираб заманалда. Гьелъул хIакъалъулъ казият- телевизоралъги цIакъ мукъсан бицуна, мажгитазда гьабулеб вагIзаялъулъги букIунаро нухазе гьабураб садакъаялъул букIунеб даражаялъул биценкициго.

Бокьилаан макъалаялда рехсараб нухлул хIакъалъулъ ва гьелъие гIарац бакIариялъул суал щивав дибирас вагIза-насихIат гьабунги, рукIалиде ккезабизе. Халкъияб нух рагIалде бахъинабизе халкъ бахъине ккола.

Аслияб темаялдаса дагьав кьураниги, гьанибго абизе бокьун буго магIарухъ росабигун нухал чIунтиялъул, мацI билиялъул (бицунгутIиялъул), гIадатал хвезе теялъул бицунарин рузманкъоялъул вагIзаялдаги. Дунялалъул боцIуда хадур лъугьун, ахираталъул кIварго гьабулеб гьечIо гьанже гIадамазги, цIаларав- цIаличIев батIалъи гьечIого. ГIатIиракьалда ругел магIарулазул росабазул дибирзабаз нухазегун кьоязе, лъималъе кьураб садакъаялъул, гьабураб кумекалъул бугеб кири-даражаялъул цIакъго дагь бицуна.

Хасавюрталъул тукабаздагун базаразда чаялъул пачка босизе щвечIо гIадамаз хъамал гьабун, цоцалъ рагъун нахъраталие босиялъ. Амма исламиял тукабазда цере рихьуларо щалго- я тIахьал, я мусру босулел. Гьел хIажалъилин кколеб батилароха ракъи-къеч тIад щвезе ва долларгун евро хиралъизе букIин лъалел бихьун-щайихалбусурманхалкъалда. Хъвазеги, ургъизеги, кантIизеги жояли нилъеда сверухъ гIемер буго, халалъизе ва цо-цоязда дунго чIалгIине бокьун гьечIо. Аллагьас кантIизареги лъикI алде.

**ХIажияв СагIитбегов,** Хъвайни-кули

## Динияб бокIон

# Росасда аскIор лъадул адабал

Аби буго ригьин  лагълъиялда релъараб жо бугилан. ЧIужуялъ росас малъарабги гьабизе, гьей гьесие мутIигIайги  йикIине ккол ин, мунагь кколеб, гьукъараб жо гьабизе гьес гьей тIамулей гьечIони абун.

ГIемерал хIадисал руго росасул ихтияразул кIудияб кIвар букIиналъул бицунел. Аварагас (с.т.гI.в.) абун буго: "Кинай йигониги, чIужугIадан хвараб мехалда, гьелда рос разияв вукIун ватани, гьей Алжаналде унилан".

ЧIужугIаданалъ къойил щуябго какги бани, Рамазан моцIалъ кIалги ккуни, жиндирго напсги цIунани, росасухъги гIенеккани гьей Алжаналде униланги буго цоги х1адис.

ХасгIима абулеб  бакIалдасан цо чIужу ячIун йиго Аварагасухъе (с.т.гI.в.) ва абун буго жиндие росасе ине бокьун бугин, гьесда аскIоб жинда тIадаб жо щибилан.  Аварагас (с.т.гI.в.) абун буго, росасул изну гьечIого рокъоса къватIибе щибго кьезе изну букIунарин, Рамазан тун, цоги моцIалъ кIал кквезеги изну букIунарин гьесул разилъи гьечIони, гьеб ккуниги кириги букIунарин, гьеб къабулги гьабуларин. Росасул изну гьечIого  гьей рокъоса къватIие ани, малаикзабаз гьелъие нагIанаги кьолин, гьей тIадюсун рокъое ячIинегIан абун. Гьединго Аварагас (с.т.гI.в.) абун буго  жинда кIолеб букIарабани  лъида бугониги цеве, цоги чи къулизабизе, жинца амру гьабилаанин росасда цебе къулизеян. ГьедигIан кIудияб жавабчилъи буго гьелъул  росасда цебе.

Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: "ЧIужугIаданалъул бищунго Аллагьасде гIагарлъараб заман букIуна гьей жиндирго рукъалъул жаниблъиялда йигебг1ан мехалъ. Гьелъ как балеб бугони рукъалъул жанисебгIанаб  бакIалда, гьелъие гьеб лъикIаб буго рукъалъул азбаралда баялдасан, азбаралда базе лъикIаб буго мажгиталда баралдасаги"-ян.

Гьеб гуребги, гьелъ росасдасан тIалаб гьабизе бегьуларо хIажалъулелдасан цIикIкIун жо. Ва гьей рик1кIалъизе ккола хIарамго балагьараб ва рокъобе бачIараб жоялдасан. Гьединал рукIана цересел лъикIал гIадамазул руччабиги. Рос къватIиве унеб мехалда чIужуялъ абулаанила: "Мун цIунаги хIарамго балагьулеб жоялдасан, гурони нилъеда жужахIалъул цIа хIехьезе кIвеларо, ракъи хIехьезе кIваниги,-ян.

Цоги, чIужугIаданалда тIадаб ккола  росасул буголъи цIунизе. Гьелъул ихтияр гьечIо, росасул изну гьечIого рокъосан кваналеб букIа, цогидаб букIа жо кьезе.

Нагагь кьунани, росасе-кири букIуна, гьелъие мамихI букIула.

Эбел-инсудаги тIалъула, яс рос-рукъалъул гIумру-яшавалда ругьун гьайизе, лъалареб малъизе ккола. Хадижа Фазарил яс Асмаца жиндирго яс росасе кьолелъул абунилан буго, "Мун дурго буссеналдасан уней йиго, мунгун ругьунлъичIев чиясда аскIое. Мун гьений йикIа гьесие ракьлъун, гьев дуеги зоблъун вукIина, мун гьесие йикIа майданлъун, гьев дуеги вукIина хIубилъун, мун йикIунге бизарайлъун, чIамучIги гьабун, гьесие бокьулареб жо абулейлъунги гьабулейлъунги..."

Цо чияс жиндирго чIужуялда  абунила: Дидехун мун йикIа ракI рагьарайлъун, буюрухъал кьолей хъачIайлъун гурей.

Мун гIемер йикIана рекIел гъеялда, гьаб, доб  гIолеб гьечIин мун зигардуге, гурони рокьиялъ мун тезе йиго.

# Илбисалъул макру

Нажасаб жо буго илбис. Гьеб кьижуларо, гьелъ нилъее хIалхьиги толаро. Гьединлъидал диналда божулев чиясе захIмат буго илбисалдаса ворчIизе. Амма гьесул ресал руго гьелдаса цIунизеги, гьелъул къуват дагь гьабизеги.

Хаджадисин абулев цо шаргIияв чияс бицун буго: «Дир илбисалъ жинда абунин, дуда  жанибе лъугьараб мехалда, жиб  букIанин варанигIанасеб, гьанже дун хIинчIгIанасеб жо  хутIанилан»,-абун. Гьелъ жаваб кьун буго: «Дуца дун лъугIизабулеб буго Аллагьги рехсон»,-ян. Аллагьасдасан хIинкъарал гIадамаздаги кIола илбисалъ мунагьалде рачунел нухал къазе.

ШаргIияв чи ГIабдуллагь ибн МахIсутIица абунила: «Цо нухалда Аллагьасул расулас (с.т.гI.в.) хIучалги цIан нижеда бихьизабуна гьаб бугин  Аллагьасул нух абун. Хадуб гьес гIемерал хIучал цIана, гьелдасан  цогидал рахъаздехун -квегIисанги кваранисанги ва абуна гьел цогидал нухазда чIун букIунин  илбис, гьелъ ахIулин гьал жиндирго цогидал нухаздасан айилан.

Хадуб гьес цIалана Къуръаналдасан аят. «Гьеб дица бихьизабураб  нухдасан ай нуж.  Гьал цогидал нухаз нуж мекъи рачине руго. Аллагьасул буго битIараб нух».

**"РекIел ахIвал-хIалазул бальголъаби"**
**тIехьалдасан хъвана  МухIамад Загьидовас**

**Колонка прокурора**

## Уголовная ответственность за нарушение санитарно-эпидемиологических правил

В целях защиты граждан от угрозы распространения инфекционных заболеваний Федеральным законом от 01.04.2020 года №100-ФЗ внесены изменения в статью 236 Уголовного кодекса Российской Федерации, предусматривающую ответственность за нарушение санитарно-эпидемиологических правил.

В частности, ответственность устанавливается за нарушение таких правил не только в случае, если оно повлекло по неосторожности массовое заболевание людей, но и в случае, если действиями виновного лица создана угроза массового заболевания. При этом максимальный срок наказания в виде лишения свободы увеличен с одного года до двух лет.

Кроме того, вводится повышенная ответственность за нарушение санитарно-эпидемиологических правил, повлекшее по неосторожности смерть двух или более лиц. В этом случае предусмотрено наказание в виде принудительных работ на срок от четырех до пяти лет либо лишения свободы на срок от пяти до семи лет.

Несоблюдение СЭП, приведшие по неосторожности к смерти двух и более лиц, грозит злоумышленнику принудительными работами на срок от четырех до пяти лет либо ли лишением свободы сроком от пяти до семи лет колонии.

Расследование преступлений по ч. 3 ст. 236 УК (несоблюдение санитарно-эпидемиологических правил, повлекших по неосторожности смерть двух и более лиц) отнесено законодателем к ведению Следственного комитета РФ, менее тяжкие категории (ч. 1, 2 ст. 236 УК) -органов МВД.

**Ильяс Вакилов,** прокурор района

**Пенсионный фонд разъясняет**

## Еще раз о выплатах

В соответствии с Указом №249 семьям с детьми в условиях новой коронавирусной инфекции осуществляются единовременные выплаты в размере 10 000 рублей на ребенка в возрасте до трех лет.

В соответствии с пунктом 4.1 Правил №474[2] заявлени о назначение единовременной выплаты может быть подано до 1 октября 2020 года.

Таким образом при достижении ребенком возраста 3 лет в период с 1 июля по 30 сентября 2020 года включительно семьи с детьми имеют право на получение единовременной выплаты размере 10 000 рублей.

При этом заявление о предоставлении единовременной выплаты в отношении такого ребенка принимается не ранее месяца, в котором ребенок достиг указанного возраста.

Изложенным следует руководствоваться при рассмотрении соответствующих заявлений о предоставлении выплаты по Указу № 249.

**Асият Кадилова,** специалист пенсионного фонда по району

## Конференция тIобитIана



25 июлалда Агъвалиб тIобитIана "Справедливая Россия" партиялъул районаллъул отделениялъул конференция.

13 сентябралда тIоритIизесел муниципалиял рищиязде партиялъул отделениялъул хIадурлъиялъул бицун кIалъай гьабуна партиялъул отделениялъул нухмалъулев МухIамадрасул Гагиевас.

Конференциялъул гIахьалчагIаз аслияб пикру буссинабуна халкъалъул социалияб рахъ лъикIлъизабиялде ва г1адамазцул мурадал т1ураялъулъ ритIухълъи цIуниялде.

Делегатаз гьединго тасдикъ гьабуна муниципалиял рищиязде депутатлъиялде кандидатазул сияхI.

**Заур Бадрудинов**

## Нужеда Аллагь разилъаги

9 июлалда захIматаб унтудаса хадув, гIумрудул завалалда, къадаралде щвана нижер вац, Агъвали гимназиялъул директорасул заместитель МухIамаддибир Зубаиров.

Гьелда бан накълулъарасул хъизан-лъималазда, вацазда ва гIагарлъиялда зигара базе Агъвалире рачIана росабалъанги, гьеб бахун къватIисанги гIемерал гIадамал, рачIизе санагIалъи ккечIез ахIун бачIана телефоналъги.

Бокьун буго гьеб бакIаб камиялъул кьогIлъи нижгун гIахьал гьабун нижеда зигара барал киназего жиндир мунагьал чураяв МухIамаддибирил хъизан-лъималазул, вацазул ва гIагарлъиялъул рахъалдаса ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе.

Ниж гIадин Аллагьги разилъаги нужеда. ЦIунаги нуж дунялалъул ургъел-балагьаздасаги, ахиралъул гIазабаздасаги.

**МухIамад Залимханов**

Утерянный аттестат об общем образовании А № 159487, выданный в 1995 году Хуштадинской средней школой Цумадинского района Республики Дагестан на имя Убайдулаева Магомеда Сайпудиновича, считать недействительным.

## Особый противопожарный режим

В связи с установлением на территории земель лесного фонда Республики Дагестан высокого (IV-V) класса пожарной безопасности, в соответствии с Постановлением Правительства Республики Дагестан от 09 июля 2020 года №141 на территории Республики Дагестан с 09.07.2020 года установлен особый противопожарный режим.

Особый противопожарный режим - это дополнительные требования пожарной безопасности, устанавливаемые органами государственной власти или органами местного самоуправления в случае повышения пожарной опасности на соответствующих территориях.

В период действия особого противопожарного режима:

- устанавливается запрет на посещение гражданами лесов (за исключением граждан, трудовая деятельность которых связана с пребыванием в лесах; граждан, осуществляющих использование лесов в установленном законом порядке; граждан, пребывающих на лесных участках, предоставленных для осуществления рекреационной деятельности; граждан, пребывающих в лесах в целях добывания пернатой дичи для осуществления в соответствии с действующим законодательством любительской и спортивной охоты);
- временно приостанавливается использование мангалов и иных приспособлений для тепловой обработки пищи с помощью открытого огня (за исключением мангалов и иных приспособлений, находящихся и эксплуатирующихся на территориях объектов общественного питания (ресторанов, кафе, баров, столовых, пиццериях, кофейнях, пельменных, блинных);
- устанавливается запрет на разведение костров, а также сжигание мусора, травы, листвы и иных отходов, на придомовых территориях частных жилых домов, на территориях садоводческих и огороднических товариществ;
- устанавливается порядок осуществления патрулирования мест группового размещения большегрузных контейнеров силами патрульно-маневренных групп;
- привлекается население для локализации пожаров вне границ населенных пунктов;
- проводятся работы по очистке от горючих отходов, мусора бесхозных и длительное время неэксплуатируемых приусадебных земельных участков на территориях садоводческих и огороднических товариществ;
- вводится запрет на выжигание сухой растительности на земельных участках населенных пунктов, землях промышленности, энергетики, транспорта, связи, радиовещания, телевидения, информатики, землях для обеспечения космической деятельности, землях обороны, безопасности и землях иного специального назначения, а также на неиспользуемых землях сельскохозяйственного назначения.
- организуется работа патрульных, патрульно-маневренных, маневренных и патрульно-контрольных групп с привлечением (по согласованию) сотрудников Государственной противопожарной службы, органов внутренних дел, территориальных отделов (лесничеств) департамента лесного комплекса Кемеровской области для патрулирования наиболее пожароопасных участков, выявления несанкционированных сельхозпалов, оперативного реагирования на возникающие очаги пожаров, обобщения информации о результатах работы и выполнении руководителями организаций мероприятий по предупреждению пожаров;
- проводится разъяснительная работа с населением по соблюдению требований пожарной безопасности и порядка действий при возникновении пожара на территориях населенных пунктов, садоводческих и огороднических товариществ, организаций с привлечением уличных комитетов, организаций жилищно-коммунального хозяйства, а также по пропаганде и добровольному участию населения в решении вопросов противопожарной защиты квартир и жилых домов, а также привлечению населения для локализации пожаров вне границ населенных пунктов;
- проводятся совещания с председателями садоводческих и огороднических товариществ по выполнению мер пожарной безопасности и организации добровольных пожарных дружин из числа членов указанных товариществ;
- проводятся мероприятий по обеспечению пожарной безопасности, исключающие возможность переброса огня при полевых и лесных пожарах на здания и сооружения в населенных пунктах, загородных оздоровительных учреждениях, садоводческих и огороднических товариществ;
- обеспечивается содержание в исправном состоянии естественных и искусственных водоисточников и подъездных путей для беспрепятственного забора воды пожарными автомобилями.

В соответствии со статьей 20.4. Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях:

Нарушение требований пожарной безопасности, совершенные в условиях особого противопожарного режима:

влекут наложение административного штрафа на граждан в размере от 2 тыс. рублей до 4 тыс. рублей;

на должностных лиц - от 15 тыс. рублей до 30 тыс.рублей;

на юридических лиц - от 200 тыс. рублей до 400 тыс. рублей.

**Хайбула Ахмедов,** зам.руководителя районного лесничества

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Жавабияй секретарь
Залимханова
Хадижат МухIамадовна
2-52-92

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.
Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1275
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальголъи
гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru